

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Metode panalungtikan mangrupa prosedur anu dipaké pikeun panalungtikan. Ku kituna, dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) sumber data, (2) desain panalungtikan, (3) variabel jeung wangenan operasional, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik panalungtikan.

3.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil diajar maca warta ngagunakeun média pangajaran *audio-visual* siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013 anu jumlahna aya 30 siswa nu ngawengku 12 siswa lalaki jeung 18 siswa awéwé.

3.2 Desain Panalungtikan

Arikunto (2006:22-23) nétélakeun yén desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain panalungtikan aya tilu rupa, nya éta (1) *one shot study*, (2) *pretest-posttest*, jeung (3) *statict group comparison*.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspérimen. Sugiyono (2009:107) nétélakeun yén “*Metode Eksperimen adalah metode penelitian yang digunakan untuk mencari pengaruh perlakuan tertentu terhadap yang lain dalam kondisi yang terkendalikan*”.

Metode kuasi ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku désain *pre-test and post-test group*, nya éta panalungtikan anu ditujukeun ka hiji kelompok tanpa ayana kelompok babanding. Desain ékspérimen tujuanana pikeun maluruh ayana sebab akibat, ku cara méré *treatment* ka hiji kelompok ékspérimén.

Tabél 3.1
Desain Panalungtikan

Pretés	Perlakuan	Postés
O ₁	X	O ₂

(Arikunto, 2006:78)

Katerangan :

O₁ = Pretés (Hasil observasi saméméh *perlakuan*)

X = *Treatment* (*Perlakuan* pangajaran ngagunakeun média *audio-visual*)

O₂ = Postés (Hasil observasi sanggeus *perlakuan*)

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén. Méthode kuasi ékspérimén atawa disebut ogé ékspérimén semu, nya éta hiji panalungtikan ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Kamampuh siswa diukur dua kali, nya éta saméméh *perlakuan* jeung sanggeus *perlakuan*.

Méthode ékspérimén mangrupa hiji méthode panalungtikan anu produktif sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotésis anu geus dirumuskeun.

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel

Hact jeung Farhady dina Sugiyono (2007:60) nétélakeun yén “*Variabel penelitian adalah atribut seseorang atau objek yang mempunyai variasi antara satu orang dengan yang lain atau satu objek dengan objek lain.*”

Dina ieu panalungtikan aya dua variabel, nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu mangaruhan kana variabel lianna, sedengkeun variabel kauger mangrupa variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas. Anu jadi variabel bébas (*variable X*) dina ieu panalungtikan nya éta média *Audio-Visual* salaku faktor anu mangaruhan, sedengkeun anu jadi

variabel kaugerna (*variable Y*) nya éta kamampuh maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung.

3.4.2 Wangenan Operasional

Ieu panalungtikan miboga judul “Éféktivitas Média *Audio-Visual* Dina Pangajaran Maca Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013)”. Sangkan teu ngawangun persépsi anu *ambigu*, di handap ieu didadarkeun sacara operasional istilah-istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan.

1) Média Pangajaran *Audio-Visual*

Média *audio-visual* nya éta alat-alat atawa pakakas anu bisa ngahasilkeun rupa jeung sora dina hiji *unit*, saperti film jeung télévisi. Média *audio-visual* mangrupa hiji perangkat *sound system* anu dilengkepan ku sora (*audio*) jeung gambar (*visual*). Ilaharna digunakeun pikeun présentasi, *home theater*, média pangajaran, jsb.

2) Maca Warta

Maca téh mangrupa kagiatan nyangking béja (informasi) nu ditepikeun ngaliwatan média tinulis anu merlukeun prosés mikir. Sedengkeun warta nya éta hiji informasi mangrupa laporan ngeunaan hiji peristiwa atawa kajadian pikeun dipidangkeun ka balaréa nu miboga ajén warta saperti ngirut, penting, aktual, jsb.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés sacara lisan ngagunakeun média pangajaran *audio-visual*. Tés dilaksanakeun dina wangun tés lisan anu mangrupa paréntah pikeun siswa maca warta. Tés dilaksanakeun dua kali nya éta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média pangajaran *audio-visual*. Téknis ngalaksanakeun ieu panalungtikan ngagunakeun observasi langsung, nya éta observasi anu dilaksanakeun sacara langsung kana objek nu ditalungtik.

Pretés dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh maca warta saméméh ngagunakeun média *audio-visual*, sedengkeun postés dilaksanakeun pikeun ngukur hasil diajar siswa dina maca warta sanggeus ngagunakeun média *audio-visual*. Lambaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan, mangrupa paréntah anu kudu dilaksanakeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran warta.

Gambar 3.1
Conto Soal Pretés

Tés Maca Warta Saméméh Ngagunakeun Média Audio-Visual

- Baca warta (maca ilo) anu aya dina lembar kerja siswa (LKS) kalawan daria jeung sosen-sosen!
- Sanggeus bérés, tuluy bacakeun (bedas) di hareupeun kelas!

Sanggeus dilaksanakeun pretés, kagiatan satuluyna nya éta guru méré *treatment* atawa perlakuan dina ngajarkeun maca warta. *Treatment* anu dimaksud nya éta digunakeunana média *audio-visual* dina pangajaran maca warta.

Kagiatan satuluyna nya éta ngalaksanakeun postés kalawan ngagunakeun format saperti ieu di handap.

Gambar 3.2
Conto Soal Postés

Tés Maca Warta Sanggeus Ngagunakeun Media Audio-Visual

- Perhatikeun vidéo conto maca warta ieu kalawan daria jeung sosen-sosen!
- Sanggeus bérés, tuluy jieun pancén maca warta dina wangun vidéo, téma bébas!

Pikeun ngukur hasil tés maca warta siswa, ditangtukeun format peunteun dina tabél 3.3, nu nangtukeun tuntas henteuna peunteun kamampuh nu dipiboga siswa boh dina pretés boh postés.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik tés. Téhnik tés dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyangking data boh saméméh boh sanggeus dibéré stimulus ka siswa dina prosés diajar-ngajar nulis maca warta. Ieu tés dilaksanakeun ku sabab data utama nu dibutuhkeun téh nya éta data ngeunaan kamampuh siswa dina maca warta. Ieu data bisa hasil ngaliwatan hiji ukuran kalawan ngagunakeun téhnik tés.

Léngkah-léngkah dina téhnik ngumpulkeun data ngawengku sababaraha tahapan ieu di handap.

- 1) Ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar materi maca warta teu ngagunakeun média *audio-visual*.
- 2) Siswa migawé pancén anu mangrupa pretés maca warta pikeun mikanyaho pangaweruh awal siswa kana maca warta.
- 3) Sanggeus mikanyaho pangaweruh siswa kana maca warta ngaliwatan pretés anu geus dilaksanakeun, panalungtik nangtukeun pakakas-pakakas anu digunakeun pikeun nerapkeun média pangajaran *audio-visual*. Saperti nyiapkeun matéri pangajaran jeung média *audio-visual*.
- 4) Ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média *audio-visual* kana matéri maca warta.
- 5) Sanggeus ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar ngagunakeun média *audio-visual* saterusna dilaksanakeun postés pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* naha ngaronjat atawa henteu.

3.7 Téhnik Nganalisis Data

Data anu geus kakumpulkeun tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil tina pretés jeung postés tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

Data tina hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ditujukeun pikeun mikanyaho masalah-masalah di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013 dina maca warta saméméh ngagunakeun média *audio-visual*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013 dina maca warta sanggeus ngagunakeun média *audio-visual*?
- 3) Naha média *audio-visual* éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta?

Pikeun maluruh masalah-masalah di luhur, aya sababaraha léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Mariksa hasil pretés jeung postés
- 2) Meunteun hasil tés siswa dina maca warta ngagunakeun pedoman anu geus ditangtukeun saperti dina tabel 3.3. Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal tina karangan siswa nya éta 100. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum \text{Skor siswa}}{\sum \text{Skor maksimal}} \times 100$$

Skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Format Peunteun Maca Warta Siswa

No.	A	B	C	D	Σ	P	Kategori

Katerangan:

- No** : Nomer urut siswa
A : Nyangkem eusi warta
B : Artikulasi
C : Lentong
D : *Gesture*
Σ : Jumlah

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : *Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

P : Peunteun

Tabél 3.3
Kategori Peunteun

Peunteun	Katerangan
≥ 75	Mampuh
< 75	Can Mampuh

- Pedoman skala peunteun anu ngawengku nyangkem eusi, ucapan (*artikulasi*), lentong (tekanan, wirahma jeung randegan), jeung réngkak paripolah (*gesture*).

(1) Nyangkem eusi warta

Nyangkem nu maca warta kana eusi warta bisa ditempo tina cara nepikeun maksud eusi warta anu dibacakeun pikeun balaréa.

(2) Ucapan (*artikulasi*)

Jelasna *artikulasi* dina maca warta dibutuhkeun pisan. Sora vokal saperti -a-, -i-, -u-, -e-, -o-, -é-, -eu- kudu jelas kadéngéna, kitu ogé sora-sora konsonan.

(3) Lentong (tekanan, wirahma, jeung randegan)

Lentong pakaitna jeung pasualan “*tekanan dinamik*”, nya éta tarik launna sora. “*tekanan tempo*” nya éta gancang launna ucapan, “*tekanan nada*” nya éta aya patalina jeung luhur handapna sora, jeung “*modulasi*” anu ngawengku parobahan sora. Merenahna lentong gumantung kana eusi warta anu dibaca.

(4) *Gesture*

Gesture bisa ogé disebut pantomimik. Nya éta gerak anggota badan dina macakeun warta, nalika macakeun warta réngkak paripolah kudu proporsional disaluyukeun jeung eusi warta ulah kaleuleuwih.

- Katerangan aspék nu diajén sarta skorna:

(1) Nyangkem eusi warta

5 = Nyangkem kana eusi warta luyu jeung téma, nepikeun informasi anu lengkep.

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

4 = Cukup nyangkem kana eusi warta luyu jeung téma, nepikeun informasi anu cukup.

3 = Nyangkem kana eusi warta luyu jeung téma, nepikeun informasina kurang.

2 = Eusi warta luyu jeung téma tapi teu nepikeun informasi.

1 = Henteu nyangkem kana eusi warta, teu nepikeun informasi.

(2) Ucapan (*Artikulasi*)

5 = Sora vokal jeung sora konsonan kacida jéntré jeung bedas.

4 = Sora vokal jeung sora konsonan cukup jéntré jeung cukup bedas.

3 = Sora vokal kurang jéntré, sora konsonan jéntré jeung bedas.

2 = Sora vokal jeung sora konsonan kurang jéntré jeung kurang bedas.

1 = Sora vokal jeung sora konsonan henteu jéntré jeung henteu bedas.

(3) Lentong (tekanan, wirahma, jeung randegan)

5 = Tekanan, wirahma, jeung randegan kacida merenahna.

4 = Tekanan, wirahma, jeung randegan cukup merenah.

3 = Tekanan jeung wirahma merenah, randegan kurang merenah.

2 = Tekanan merenah, wirahma jeung randegan kurang merenah.

1 = Tekanan, wirahma, jeung randegan henteu merenah.

(4) Réngkak paripolah (*gesture*)

5 = Réngkak paripolah dina maca warta kacida merenah.

4 = Réngkak paripolah dina maca warta cukup merenah.

3 = Réngkak paripolah dina maca warta kurang merenah.

2 = Réngkak paripolah dina maaca warta henteu merenah.

1 = Réngkak paripolahna teu puguh.

(Sudjana, 1991:77)

3) Data dianalisis pikeun nguji hipotésis, dijéntrékeun saperti ieu di handap.

3.7.1 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilaksanakeun ku cara uji normalitas jeung uji homogénitas.

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : *Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

1) Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi* kuadrat (X^2).

Dina ieu panalungtikan, uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta:

- a) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna
- b) Ngitung *rentang* (r) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$r = \text{peunteun panggedéna-peunteun pangleutikna}$$

- c) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

- d) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

- e) Nyieun tabél frékuénsi peunteun pretés jeung postés kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.4

Format Frékuénsi Peunteun Pretés jeung Postés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
Σ						

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- f) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pretés jeung postés kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

\bar{X} = rata-rata (*mean*)
 \sum = jumlah
 F_i = jumlah data
 X_i = niléy tengah

(Sudjana, 2005: 70)

- g) Ngitung *standar deviasi*, carana nya éta.

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i \cdot x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

- h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Carana nya éta:

(1) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi

Tabél 3.5

Format Frékuénsi Observasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi Pretés

Interval	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	L	E _i	X ²
Σ								

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6

Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- (2) Nangtukeun O_i (frékuénsi obsérvasi)
 (3) Nangtukeun batas kelas interval (bk)
 (4) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{s}$$

- (5) Nangtukeun Z_{tabel}
 (6) Ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{tabel1} - Z_{tabel2}$$

- (7) Ngitung frékuénsi ékspéktasi, ku cara:

$$E_i = n \times L$$

- (8) Nangtukeun niléy X^2 (chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005:273)

- (9) Nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005:293)

- (10) Nangtukeun harga X^2_{tabel}

- (11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap:

- (a) Lamun $X^2_{itung} < X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina normal.
 (b) Lamun $X^2_{itung} > X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, sarta data nu dihasilkeunana normal, hal anu kudu dilaksanakeun satuluyna nya éta uji homogénitas varian nu fungsina pikeun nangtukeun uji paramétrik nu luyu.

2) Uji Homogénitas

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Uji homogenitas nya éta uji sipat data nu tujuanana pikeun mikanyaho homogen henteuna sampel tina populasi anu sarua.

Léngkah-léngkah pikeun nangtukeun homogenitas nya éta:

- a) Ngitung variasi masing-masing kelompok

Variasi pretés

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variasi postés

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005: 95)

- b) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{Variasi anu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}}$$

- c) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

- d) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

- e) Nangtukeun homogen henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

Saupama $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel homogen.

Saupama $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina variasi sampel teu homogen.

(Sudjana, 2005:250)

3.7.2 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil pretés jeung postés. Hasil tina uji gain, bisa méré gambaran ngeunaan

pengaruh digunakeunana média pangajaran *audio-visual* dina maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013.

Léngkah-léngkah dina uji gain nya éta ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.6

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Maca Warta

No	Peunteun pretés	Peunteun postés	d	d ²
1.				
2.				
Σ				

3.7.3 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik nonparamétris kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

1) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal. Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta saperti ieu di handap.

a) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara peunteun pretés jeung peunteun postés. Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

b) Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

d) Ngitung t , rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan:

t = tés signifikansi

Md = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil pretés jeung postés

$\sum x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi

n = jumlah subyék dina sampel

e) Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

- Lamun $t_{itung} > t_{tabél}$ hartina hipotésis ditarima, yén média pangajaran *audio-visual* éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013.
- Lamun $t_{itung} < t_{tabél}$ hartina hipotésis ditolak, yén média pangajaran *audio-visual* teu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013.

2) Statistik Non-Parametris

Statistik Non-Paramétris digunakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Numutkeun Sudjana (2005: 450) léngkah-léngkah uji *Wilcoxon*, diantarana nya éta:

- asupkeun peunteun pretés siswa kana kolom ka-2 (XA1);
- asupkeun peunteun postés siswa kana kolom ka-3 (XB1);
- itung bédana antara pretés jeung postés ku cara XB1-XB1 tuluy asupkeun hasilna kana kolom ka-4;

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : *Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- d) nangtukeun jenjang ku cara nataan hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti niléy béda anu pangleutikna nepi anu panggedéna;
- e) sanggeus ditataan (misalna aya niléy nu sarua), pikeun nangtukeun jenjangna, éta niléy téh dijumlahkeun tuluy dibagi dua. Niléy tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
- f) sanggeus ditataan, asupkeun niléy jenjang JB kana kolom ka-5;
- g) ngasupkeun niléy jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalna aya niléy béda anu négatif asupkeun kana kolom ka-7;
- h) tingali kana tabél harga-harga kritis uji *Wilcoxon*, misal jumlah $n = 23$ kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabél} = 73$;
- i) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabél uji *Wilcoxon* ieu di handap.

Tabél 3.7
Tabél Uji *Wilcoxon*

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
			XA1-XB1	Jenjang	+	-

Keterangan:

XA1 : Peunteun pretés

XB1 : Peunteun postés

- j) ditarima henteuna hipotésis dina uji *Wilcoxon* ngagunakeun kriteria ieu di handap.

- Saupama $W_{itung(-)} < W_{tabél}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina H_a ditarima, yén média pangajaran *audio-visual* miboga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013.

Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- Saupama $W_{itung(-)} > W_{tabél}$ dumasar taraf nyata nu ditangtukeun, hartina Ha ditolak, yén média pangajaran *audio-visual* henteu miboga pangaruh dina ngaronjatkeun kamampuh maca warta siswa kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung taun ajaran 2012-2013.



Rosalina Rhamdini, 2013

ÉFÉKTIVITAS MÉDIA AUDIO-VISUAL

DINA PANGAJARAN MACA WARTA : *Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Negeri 6 Bandung Taun Ajaran 2012-2013*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu